



Vaksen COVID-19 la: Kesyon Moun Poze Souvan

Mizajou 3 fevriye 2021

[Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan COVID-19 | Mass.gov](#)

Tab dè Matyè

- [Anvan ou pran vaksen an](#)
- [Pandan randevou a](#)
- [Aprè ou fin pran vaksinen](#)
- [Jwenn aksè nan vaksen an](#)
- [Sekirite vaksen an](#)
- [Plis enfòmasyon toujou](#)

[Anvan ou pran vaksen an](#)

Èske m ap dwe peye pou vaksen an?

Eta federal la [ap bay vaksen an gratis](#) bay tout moun. Si ou gen asirans, yo pral faktire l san ou pa bezwen peye anyen. Sepandan, ou pa bezwen gen asirans pou resevwa vaksen an. Yo p ap janm mande w pou yon nimewo kat kredi pou fè yon randevou.

Èske imigran san papyè gendwa resevwa vaksen an pou gratis?

Wi. Vaksen an limenm gratis pou tout rezidan Massachusetts yo. Asirans sante (ki gen ladann Medicare ak Medicaid) pral garanti pri pou administre vaksen an. Pou pasyan ki pa gen asirans sante, founisè swen sante yo gendwa mande ranbousman nan men gouvènman federal pou prai administrasyon vaksen an bay imigran ki san papyè.

Èske mwen kapab resevwa vaksen an kanmenm menmsi mwne pa gen yon kat idantite?

Wi. Ou kapab jwenn yon vaksen, menmsi ou pa gen asirans, yon lisans chofè machin oswa yon nimewo Sekirite Sosyal. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan [Kijan pou prepare pou randevou vaksen COVID-19 ou an](#).

Si yon moun resevwa vaksen an, èske sa pral enpakte negativman sityasyon imigrasyon li?

Non. Gouvènman federal la te konfime li p ap konsidere tretman COVID-19 la (ikonpri yon vaksen) pandan detèminasyon li pou si yon moun se yon “chaj piblik” oubyen nan sa ki gen pou wè ak kondisyon benefis piblik la pou sèten moun k ap eseye jwenn yon ekstansyon dwa yo pou yo rete oswa chanjman nan estati yo, menmsi se Medicaid oswa lòt fon federal ki peye vaksen an.

Èske kanè vaksinyasyon pasyan an pwoteje pou yo pa gen dwa revele sa ki ladann?

Depatman Sante Piblik pral kenbe yon dosye elektwonik pou chak pasyan nan Massachusetts ki resevwa vaksen COVID-19 la. Bazdone vaksen an konfidansyèl menmjan ak dosye medikal yon pasyan genyen ak doktè li.

Èske vaksen COVID-19 la pral obligatwa?

Depatman Sante Piblik p ap rann vaksen COVID-19 la obligatwa. Se yon pwogram ki volontè. Vaksen COVID-19 la wotman efikas pou anpeche maladi epi se yon zouti enpòtan pou anpeche maladi epi se yon zouti enpòtan nan batay kont pandemi a.

Èske y ap bezwen teste mwen pou COVID-19 anvan mwen pran vaksen an?

Non, li pa nesesè pou fè yon tès COVID-19 anvan pou pran vaksen an.

Èske yon moun ki pozitif pou COVID-19 ta dwe resevwa vaksen an?

Pa si yo gen sentòm. Se pou yo ranvwaye vaksinyasyon moun yo konnen ki gen COVID-19 jiskaske yo pa gen sentòm ankò.

Èske yo ta dwe vaksinen moun ki te deja gen COVID-19 la?

Wi, moun ki te deja gen COVID-19 anvan ta dwe vaksinen.

Ki benefis ki genyen nan resevwa yon vaksen pou COVID-19?

Nou konprann ke sèten moun gen preyokipasyon pou pran yon vaksen kounye a ke gen vaksen pou COVID-19 ki disponib Ozetazini. Tanpri al gade nan [Benefis ki Genyen nan Resevwa yon Vaksen COVID-19 | CDC](#) pou yon rezime benefis vaksinyasyon COVID-19 sou labaz konesans nou genyen kounye a.

Kijan vaksen yo pral mache kont varyant COVID-19 yo, tankou sa a ki parèt Wayom-Ini? Se

nòminal pou viris yo chanje pandan y ap simaye, epi pou nouvo varyant parèt. Syantifik larechèch yo ap travay pou jwenn plis enfòmasyon osijè nouvo varyant COVID-19 yo pou konprann ak ki fasilite yo kapab simaye, epi si vaksen yo nou déjà genyen pral pwoteje nou kont yo. Pou kounye a, nou pa gen okenn prèv ke nouvo varyant COVID-19 yo kapab fè moun vin pi malad oswa ogmante risk pou yo mouri. Sepandan, pandan tan ap pase epi syantifik yo gen plis konesans, nou pral gen plis enfòmasyon detaye.

Poukisa n ap bezwen yon vaksen si nou kapab fè lòt bagay, tankou distans sosyal ak mete mask, pou anpeche viris la ki lakòz COVID-19 pa simaye?

Pou kanpe yon pandemi, n ap bezwen tout zouti ki adispozisyon nou. Vakasen yo trvay ak sistèm iminitè w pou kò w pare pou konbat viris la si ou ta vin ekspoze. Lò etap, tankou mete yon mask pou kouvri bouch ak nen ou epi rete omwen 6 pey distans pa rapò ak zòt yo, ede redwi chans ou pou vin ekspoze ak viris la oubyen pou simaye li bay zòt yo. Ansanm, vaksinyasyon COVID-19 la epi swiv rekòmandasyon CDC yo [pou pwoteje tèt ou ak zòt yo](#) se pi bon pwoteksyon kont COVID-19. (sous: [Kesyon yo Poze Souvan konsènan Vaksinyasyon kont COVID-19 | CDC](#) apatide 21/12/20)

Kisa yon Otorizasyon Itilizasyon pou Ijans (EUA) ye?

Vaksen Pfizer ak Moderna yo te resevwa yon Otorizasyon Itilizasyon ann Ijans (Emergency Use Authorization, EUA) nan men Administrasyon Aliman ak Medikaman (FDA). Jwenn plis enfòmasyon sou kisa sa siyifi – ansanm ak lòt enfòmasyon osijè vaksen yo – nan feyè enfòmasyon EUA yo pou benefisyè ak moun k ap okipe malad yo. W ap wjenn fèy enfòmasyon sa yo nan:

- [Feyè Enfòmasyon EUA Vasken COVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou Benefisyè Vaksen ak Moun k ap Okipe Benefisyè Vaksen yo \(fda.gov\)](#) ak
- [Feyè Enfòmasyon EUA Vasken COVID-19 Moderna pou Benefisyè Vaksen ak Moun k ap Okipe Benefisyè Vaksen yo \(fda.gov\)](#)

Kimoun ki otorize administre vaksen yo?

Anplisde founisèswen sante akredite yo, tankou doktèak enfimye epi famasyon, konfòmeman ak Lwa federal CARES Act la, lòt moun ki kapab bay vaksinasyon yo se: estajye famasi, teknisyen famasi ki akredite, sekouris ak asistan medikal akredite, anba sipèvizyon dirè yon founisè swen primè (jeneralis). Lòske sa disponib, tout enstitisyon swen sante ki gen ladann lopital, sant sante kominotè ak klinik medikal prive yo pral jwenn aksè nan vaksen COVID-19 la pou vaksine pasyan yo. Famasi yo ki gen ladann gwo magazen detayan tankou CVS, Walgreens, Cosco ak Walmart pral jwenn aksè nan vaksen an epi yo pral kapab vaksine kliyan yo. Vaksen yo pwobableman pral disponib tou pou depatman sante lokal yo pou vaksine rezidan lokal yo nan klinik piblik yo. [Tablo Vaksinatè COVID-19 sa a](#) make tout gwoup moun diferan ki kapab posede epi administre vaksen COVID-19 yo.

Pandan randevou w lan

Kisa mwen ta dwe espere pandan randevou m pou resevwa vaksen COVID-19 la?

Tanpri al gade [Kisa ou ta dwe Espere pandan Randevou w pou Pran Vaksen COVID-19 la | CDC](#) pou jwenn konsèy sou kisa ou ta dwe espere lè w ap pran vaksen an, ki enfòmasyon founisè w lan pral ba w ak resous ou kapab itilize pou siveye sante w aprè ou fin pran vaksen an.

Èske mwen bezwen mete yon mask lèm ap resevwa vaksen COVID-19 la?

Wi. CDC rekòmande pandan pandemi a pou moun [mete yon mask](#) ki kouvri nen ak bouch yo lè yo an kontak ak lòt moun andeyò lakay yo, lè yo nan etablisman swen sante epi lè y ap pran nenpòt vaksen, ki gen ladann tou vaksen COVID-19 la. Nenpòt moun ki gen difikilte pou respire oswa ki pa kapab retire yon mask pou kont yo pa ta dwe mete yon mask. Si ou bezwen plis enfòmasyon, al gade nan [konsiderasyon pou mete mask](#). (sous: [Kesyon Moun Poze Souvan sou Vaksinasyon COVID-19 | CDC](#) apatide 21/12/20)

Èske mwen ka chwazi ki vaksen m ap resevwa?

Non. Benefisyè yo pral resevwa vaksen yo ofri yo lè yo ale nan klinik vaksinasyon an. Toulede vaksen wotman efikas ak san danje.

Konbyen tan m ap dwe tann aprè premye doz la anvan pou m pran dezyèm doz vaksen COVID-19 la?

Vaksen Pfizer lan bezwen pou yo administre 2zyèm doz la omwen 21 jou aprè premye a. Vaksen Moderna an bezwen pou yo bay 2zyèm doz la omwen 28 jou aprè premye a.

Èske yo pral banmwon yon bagay ki ka sèvi kòm prèv ke mwen te vaksinen?

Ou ta dwe resevwa yon kat vaksinasyon oswa yon enprime ki di w ki vaksen COVID-19 ou te resevwa, dat ou te resevwa li ak kikote ou resevwa li. Ou ta dwe resevwa yon papye oubyen yon vèsyon elektwonik yon feyè enfòmasyon ki ba w plis esplikasyon sou vaksen COVID-19 espesifik y ap ofri w lan. Chak vaksen COVID-19 ki otorize gen pwòp feyè enfòmasyon ki genesplikasyon pou ede w konprann risk ak avantaj ki genyen nan resevwa vaksen sa a an patikilye. Ou ka jwenn feyè enfòmasyon an nan [Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech lan pou Benefisyè Vaksen ak Moun k ap Okipe Benefisyè Vaksen yo \(fda.gov\)](#) ak [Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen COVID-19 Moderna pou Benefisyè Vaksen ak Moun k ap Okipe Benefisyè Vaksen yo \(fda.gov\) yo \(fda.gov\)](#)

[Aprè ou fin pran vaksen an](#)

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen sentòm aprè mwen te resevwa yon vaksen COVID-19, tankou lafyèv oswa doulè nan kò m?

Si ou gen anpil doulèoswa malèz, pale ak founisèswen sante w lan, ki gendwa rekòmande medikaman san preskripsyon tankou ibuprofen oswa acetaminophen. Pou bese doulè ak malèz kote ou te pran piki a, mete yon twal pou netwaye figi w ki pwòp, fre epi mouye sou zòn lan, epi bouje oswa fè egzèsis ak bra w lan. Pou bese malèz akòz lafyèv, bwè anpil likid epi mete rad lejè cho sou w. Nan pifò ka yo, li nòmal pou santi malèz poutèt lafyèv oswa doulè, men kontakte founisè swen sante w lan si:

- kote ou te resevwa piki a vin pi wouj oswa fè w pi mal aprè 24ètan
- efè segondè w yo ba w preyokipasyon oubyen yo pa sanble y ap diminye aprè kèk jou

Kijan mwen dwe rapòte si mwen gen nenpòt efè segondè aprè mwen fin pran vaksen COVID-19 la?

V-safe se yon zouti ki sou esmatfòn ki itilize mesaj tèks ak sondaj sou Wèb la pou founi enskripsyon pèsonalize pou lasante aprè ou resevwa yon vaksen COVID-19. Grasa **v-safe**, ou kapab di CDC a rapid si ou gen nenpòt efè segondè aprè ou te pran vaksen COVID-19 la. Selon repons ou bay yo, yon moun nan CDC gendwa rele w pou tcheke kijan ou ye epi pou pran plis enfòmasyon. Epi **v-safe** pral fè w sonje pou w pran dezyèm doz vaksen COVID-19 w lan si ou bezwen. Pou kapab enskri nan **v-safe**, tanpri al gade nan [Verifikatè Sante Aprè Vaksinasyon V-safe \(V-safe After Vaccination Health Checker\) | CDC](#).

Konbyen tan aprè mwen fin pran vaksen COVID-19 la ke li kòmanse gen efè?

Anjeneral, sa pran kèk semèn anvan kò w ap kòmanse konstwi iminite aprèvaksinasyon. Sa siyifi ke li posib pou yon moun ta ka enfekte ak viris la ki lakòz COVID-19 lan jis anvan oswa jis aprè vaksinasyon an epi li tonbe malad. Se paske vaksen an poko gen ase tan pou bay pwoteksyon.

Konbyen tan pwoteksyon vaksen COVID-19 la pral dire?

Nou poko gen done jiskaprèzan pou di konbyen tan vaksen COVID-19 yo pral bay pwoteksyon pou anpeche w vin malad, menmsi ou ta vin enfekte ak COVID-19 la. Ekspè yo ap kontinye òganize plis etid pou detèmine si vaksen yo anpeche moun simaye COVID-19 la.

Èske iminite ou genyen aprè ou fin enfekte ak viris COVID-19 la dire plis tan pase pwoteksyon vaksen COVID-19 yo bay?

Pwoteksyon yon moun jwenn aprè li te gen yon enfeksyon (sa yo rele iminite natirèl la) varye selon maladi a, epi li diferan pou chak moun. Poutèt viris la se yon nouvo viris li ye, nou pa konnen konbyen tan iminite natirèl la ka dire. Gen kèk endis—ki baze sou sèten moun— ki sanble sijere ke iminite natirèl la pa dire anpil tan. Konsènan vaksinasyon an, nou pa konnen konbyen tan iminite an pral dire jiskaske nou gen yon vaksen ak plis done ki montre si li mache byen. Toude ni iminite natirèl la ak iminite vaksen an pwovoke se aspè enpòtan nan COVID-19 la ke espè yo ap eseye konprann pi byen, epi CDC pral kenbe piblik la okouran, plis gen prèv ki vin disponib. (sous: [Kesyon yo Poze Souvan konsènan Vaksinasyon kont COVID-19 | CDC](#) apatide 21/12/20)

Ki efikasite yon doz vaksen COVID-19 la genyen konpare ak 2 doz?

Vaksen COVID-19 yo pa t etidye ou yo pran yon grenn doz. Tout moun ta dwe pran toulede doz vaksen an pou yo kapab vaksine nèt epi pou vaksen yo efikas.

Èske mwen dwe swiv Lòd Vwayaj la si mwen te resevwa yon vaksen COVID-19?

Wi. Pou kounye a, moun ki vaksinen dwe kontinye respekte Lòd Vwayaj Gouvènè a ansanm ak obligasyon pou fè tès ak karantèn. Li enpòtan pou tout moun kontinye itilize tout mezi sante piblik ki disponib pou kanpe pandemi sa a. Kouvri bouch ak nen ou ak yon mask lè ou toupre lòt moun, rete omwen 6 pye (2 mè) lwen zòt yo, evite foul moun epi lave men ou souvan.

Èske mwen dwe mete tèt mwen apa (an karantèn) apre mwen te pran vaksen an si yo idantifye mwen antanke ke yon moun ki te an kontak etwat ak yon moun ki gen COVID-19?

Wi. Nou poko gen done sou konbyen tan vaksen COVID-19 yo bay pwoteksyon ki anpeche w vin malad ak si vaksen yo anpeche moun simaye COVID-19 la. Ekspè yo bezwen konprann pi byen pwoteksyon vaksen COVID-19 yo bay anvan yo fè chanjman nan rekòmandasyon sante piblik pou karantèn. Lòt faktè toujou, tankou konbyen moun pran vaksen an epi kijan viris la ap simaye nan kominote yo, pral enfliyanse desizyon sa a tou.

Èske mwen bezwen mete yon mask epi evite kontak pwòch ak zòt yo si mwen te resevwa 2 doz vaksen an?

Wi. Pandan ekspè yo ap jwenn plis enfòmasyon konsènan pwoteksyon ke vaksen COVID-19 yo bay nan kontèks lavi reyèl, l ap enòtan pou tout kontinye itilize **tout zouti yo** ki disponib pou ede nou kanpe pandemi sa a, tankou kovri bouch ak nen ou ak yon mask, lave men souvan epi rete mwen 6 pye (2 mè) lwen zòt yo. Toulede ansanm, vaksinasyon COVID-19 ak swiv rekòmandasyon CDC yo pou [fason pou pwoteje tèt ou ak zòt yo](#) pral ofri pi bon pwoteksyon pou anpeche ou enfekte epi ou simaye COVID-19 la. Ekspè yo dwe konprann pi byen toujou pwoteksyon vaksen COVID-19 yo bay anvan yo ka deside pou chanje rekòmandasyon konsènan

etap tout moun ta dwe fè pou ralanti pwopagasyon viris la ki lakòz COVID-19. Lòt faktè, ki gen ladann konbyen moun pran vaksen an ak kijan viris la ap simaye nan kominote yo, pral efekte desizyon sa a tou. (sous: [Kesyon yo Poze Souvan konsènan Vaksinasyon kont COVID-19 | CDC](#) apatide 21/12/20)

Kilè m ap kapab sispann mete yon mask epi evite kontak etwat ak lòt moun aprè mwen vaksinen?

Poko gen ase enfòmasyon ki disponib kounye a pou di si oswa kilè CDC pral sispann rekòmande pou moun [mete mask](#) epi [evite kontak etwat ak lòt moun](#) pou ede anpeche viris la ki lakòz COVID-19 la pa simaye. Ekspè yo bezwen konprann pi byen toujou kijan pwoteksyon vaksen COVID-19 yo mache anfan pou yo pran desizyon sa a. Lòt faktè, ki gen ladann konbyen moun pran vaksen an epi kijan viris la ap simaye nan kominote yo, pral afekte desizyon sa a tou. (sous: [Kesyon yo Poze Souvan konsènan Vaksinasyon kont COVID-19 | CDC](#) apatide 21/12/20)

[Jwenn aksè nan vaksen an](#)

Kimoun ki pral pran vaksen an anpremye?

Estrateji priyORIZasyon vaksen pral dewoule an diferan faz. [Jwenn plis enfòmasyon osijè faz yo pou konprann kilè ou kapab pran vaksen an.](#)

Kilè m ap kapab pran vaksen COVID-19 la?

Tanpri al gade nan [Kilè m ap kapab jwenn vaksen COVID-19 la?](#) pou aprann kikote ou gen plas ou nan kwonoloji distribisyon vaksen COVID-19 la.

Kijan m ap konnen si kouye a se mwen yo vle bay vaksen COVID-19 la?

Pifò moun nan Commonwealth lan pwograme pou resevwa vaksen an nan Faz 3 Plan Vaksinasyon Covid-19 Massachusetts la. Pandan Eta a ap pase faz priyORIZasyon yo youn aprè lòt, enfòmasyon sou kikote, kilè ak kijan pou resevwa vaksen an pral anonse piblikman epi n ap afiche li nan [Vaksen COVID-19 nan Massachusetts | Mass.gov](#). Nan moman kounye a, Depatman Sante Piblik la p ap pwogram randevou dirèkteman.

Nan Faz 1 Plan Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts la, etablisman swen sante, mezon retrèt oswa lòt antite ki responsab pou vaksinen moun ki elijib yo, pral kontakte w. Si ou se yon sekouris, ou elijib pou pran vaksen an kouran 11 janvyè. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan [Kilè m ap kapab jwenn vaksen COVID-19 la? | Mass.gov](#)

Nan Faz 2 Plan Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts la, Depatman Sante Piblik la atann li pou travay atravè klinisyen tretan/sistèm sante, asirè sante (ki gen ladann MassHealth), ak gwoup defans enterè pasyan pou kontakte moun ki gen pwoblèm sante ki la deja pou ankouraje yo pou yo resevwa vaksinasyon COVID-19 la. Yo pral kontakte moun ki nan divès gwoup pwofesyonèl travayè esansyèl yo pwobableman atravè anplwayè ak sendika yo pou enfòme yo sou kijan vaksinasyon COVID-19 la enpòtan.

Kijan yo te pran desizyon yo sou kimoun yo pral bay priyorite nan Plan Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts la?

Atravè tout peyi a, ekspè yo te konsantre sou fason pou distribye kantite limite vaksen COVID-19 yo yon fason ki ekitab, respekte prensip etik ak transparan, avèk objektif pou bese maladi grav ak lanmò, pwoteje enfrastrikti swen sante a, kenbe fonksyon kritik lasosyete, pwomouvwa ekite nan lasante epi abòde bezwen moun ki pi vilnerab yo anvan.

Akademi Nasyonal pou Lasyans, Jeni ak Medsin (NASEM) ak Komite Konsiltatif CDC sou Pratik Iminizasyon (ACIP) te fè rekòmandasyon konsènan fason pou bay gwoup yo priyorite. Nan Massachusetts, yon [Gwoup Konsiltatif pou Vaksen COVID-19](#) te fè rekòmandasyon opre Sekretè Lasante ak Sèvis Imen ak opre Gouvènè a konsènan fason pou etabli priyorite nan distribisyon vaksen an andedan Commonwealth la, kote yo te konsidere avèk atansyon travo NASEM ak ACIP. Gwoup Konsiltatif la gen ladann pwofesyonèl medikal, ekspè sante piblik, lidè kominotè, ofisyèl eli ak espesyalis maladi enfeksyèz yo. Twa premye objektif nan rekòmandasyon Gwoup Konsiltatif la se: prezève sistèm swen sante; limite mòbidite ak mòtalite grav; epi pwomouvwa lekite.

Pou jwenn plis enfòmasyon osijè kwonoloji distribisyon COVID-19 la nan Massachusetts, al gade nan [Faz vaksinasyon COVID-19 Massachusetts | Mass.gov](#).

Kisa yo pral fè pou bay lapriyorite pou moun ki te enpakte piplis yo ak COVID-19 la?

Nan Faz 2 ak 3, Massachusetts pral mete apa 20 pousan nan vaksen an pou founisè yo ki nan kominote ki te afekte piplis ak viris COVID-19 la. Y ap seleksyone kominote sa yo sou labaz done Resansman Etazini ak ka COVID-19 yo pa tèt dabitant onivo vil ak minisipalite an.

Ki pwoblèm sante yo pral bay priyorite pandan Faz 2 Plan Vaksinasyon COVID-19 Eta a?

Nan Faz 2, Massachusetts pral priyorize moun ki gen pwoblèm sante ki la deja kifè ke yo **gen yon risk pi elve** pou gen maladi grav akòz COVID-19 la, jan [CDC defini l](#). Nan moman kounye a, sa pa enkli moun ki gen pwoblèm sante kote yo **ta ka gen yon pi gwo risk** pou gen maladi grav.

Èske moun ki rete nan yon lòt Eta oswa nan yon lòt rejyon nan peyi a (egzanp, etidyan, moun ki pran retrèt yo, moun ki gen doub nasyonalite) ap kapab pran vaksen COVID-19 la nan Massachusetts?

Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Massachusetts la se pou moun ki abite, travay oubyen etidye nan Commonwealth la. Pou kounye a, se swa anplwayè, founisè swen primè, famasi oswa klinik piblik k ap vaksinen moun nan faz Plan Vaksinasyon ki endike pou yo ka vaksinen a.

Si mwen te resevwa premye premye doz vaksen an nan yon lòt Eta, èske mwen kapab resevwa dezyèm doz la nan Massachusetts?

Wi. Ou ta dwe pran dezyèm doz ou swa nan men anplwayè w, founisè swen primè w, famasi ou oswa klinik piblik ou an, selon faz vaksinasyon an ou elijib pou vaksinen an. Tanpri pa bliye kenbe kat vaksinasyon yo te ba w nan moman ou te pran premye doz la.

Sekirite vaksen an

Kijan nou kapab konnen si vaksen an san danje?

Li enpòtan pou konnen ke vaksen yo sibi plis tès pase tout lò pwodui famasetik yo met ansanm. Anvan pou yo mete nenpòt vaksen adispozisyon, li dwe pase pa pwosesis devlopman ak tès ki trè estrik. Pwodiksyon an esansyèl — chak doz dwe gen menm nivo kalite elve a. Anplisdesa, yo fè anpil [tès konplèks pandan esè klinik yo](#) pou pwouve sekirite vaksen an. Premyèman, ti gwoup moun resevwa vaksen esè klinik la. Après, yo bay vaksen an bay moun ki gen karakteristik espesyal (egzanp, laj, ras ak sante fizik). Après, yo bay vaksen an bay de dizèn de milye de moun epi yo teste li pou verifye efikasite ak sekirite li.

Après, [Komite Konsiltatif osijè Pratik Vaksinasyon](#) (ACIP) CDC an pral anlizè done yo pou wè si vaksen an mache epi si li san anje. Yo bay Administrasyon Aliman ak Manje Etazini (FDA) opinyon yo. FDA analize done yo ak avi ACIP an epi li deside si li ta dwe apwouve vaksen an. Vaksen an apwouve sèlman aprè yo fin fè **tout etap sa yo**, epi ekspè yo sèten li mache epi li san danje.

Tanpri konsilte [N ap Asire Nou ke Vaksen COVID-19 yo San Danje Ozetazini | CDC](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

Kijan li kapab san danje si yo fèpi rapid konsa?

Tan yo te bezwen pou devlope vaksen COVID-19 la vin akselere men yo pa t janm elimine etap pou sekirite. Men kijan:

- 1. Nou te deja gen enfòmasyon itil:** Viris COVID-19 la fèpati fanmi kowonaviris yo yo t ap etidye pandan anpil tan deja. Ekspè yo te aprann enfòmasyon enpòtan grasa lòt epidemi kowonaviris ki te ede yo devlope vaksen COVID-19 la, kidonk nou pa t demare apatide zewo.
- 2. Larechèch pou vaksen gouvènman yo ap finanse:** Etazini ansanm ak lò peyi te investi anpil lajan pou sipòte konpayi vaksen nan travo yo. Etan n ap travay ak lòt peyi, sa te pèmèt syantifik larechèch yo pwogrese rapid rapid.
- 3. Anpil moun te patispe nan esè klinik yo:** Anpil moun te dakò pou ede nou epi patispe nan etid sou vaksen yo. Konpayi yo pa t bezwen pase anpil tan pou jwenn volontè yo.
- 4. Pwodiksyon an t ap dewoule anmenmtan ak etid sou sekirite yo:** Konpayi vaksen yo te reyisi pwodui epi estoke vaksen nan menm moman yo t ap òganize etid yo (sa yo rele esèklinik yo) pou montre ke vaksen yo te san danje epi yo te efikas. Sa siyifi ke vaksen yo te tou pare pou yo distribye depi yo te resevwa otorizasyon an.

Kijan li ka san danje si nou poko konnen si gen efè segondè alontèm yo?

Vaksen Pfizer ak Moderna pou COVID-19 se sa ekspè yo rele vaksen ARN mesaje oubyen ARNm an rakousi. Nou te etidye vaksen ARNm yo deja nan esè klinik pou bèt ak moun depi plizyè ane deja. Sepandan, COVID-19 egziste depui 1nan anviwon epi nou poko konnen ki efè endezirab alontèm enfeksyon COVID-19 la bay epi sa gendwa grav. Kidonk, pi bon chwa se pou pran vaksen an pou sante ak sekirite alontèm.

Ekspè yo pral kontinye swiv efè segondè vaksen COVID-19 la. Nou pral swiv moun ki te patisipe nan esè klinik yo pandan 2zan. Lòt moun ki pran vaksen an kapab itilize yon zouti ki rele **v-safe** sou esmatfòn yo pou di CDC an rapid rapid si ou gen nenpòt efè segondè aprè yo te pran vaksen COVID-19 la. Itilizatè v-safe yo kapab pataje enfòmasyon pandan jiska 1 lane aprè yo te pran vaksen an. Jwenn plis enfòmasyon nan [cdc.gov/vsafe](https://www.cdc.gov/vsafe).

Èske vaksen COVID-19 yo gen efè segondè?

Li posib pou sèten moun gen efè segondè aprè yo te vaksinen; se siy nòmal ke kò w ap devlope pwoteksyon. Efè segondè sa yo gendwa afekte kapasite w pou fè aktivite toulejou w yo, men yo ta dwe disparèt aprè kèk jou.

Konsènan vaksen Pfizer lan, efè segondè yo ki rive pi souvan se doulè kote yo ba w piki a, ou santi w bouke, maltèt, doulè nan misk, frison, doulè nan atakilasyon ak lafyè. Plis moun santi efè segondè sa yo aprè dezyèm doz Pfizer lan pase aprè premye doz la, kidonk li enpòtan pou w espere ka gen sèten efè segondè aprèpremye doz la, men plis toujou aprè dezyèm doz la. Konsènan vaksen Moderna an, efè segondè ki rive pi souvan an se doulè, pati ki sansib, anflamasyon ak woujè kote yo te ba w enjeksyon an ansanm ak fatig, maltèt, doulè nan misk, frison ak vomisman epi lafyè.

Èske yon vaksen COVID-19 kapab fè m vin malad ak maladi COVID-19 la?

Non. Vaksen yo pa gen ladann viris vivan an ki lakòz COVID-19 la. Sa siyifi ke yon vaksen COVID-19 pa kapab fè w malad pou ba w maladi COVID-19 la. (sous: [Enfòmasyon osijè Vaksen COVID-19 yo \(cdc.gov\)](#) apatide 20/01/21). Kidonk, si ou teste pozitif pou COVID-19 la, menmsi ou te pran vaksen an, ou ta dwe mete tèt ou apa.

Èske mwen kapab pran COVID-19 la si mwen pran vaksen COVID-19 yo?

Non. Vaksen yo pa gen ladann viris vivan an ki lakòz COVID-19 la. Sa siyifi ke ou pa kapab trape COVID-19 la poutèt vaksen an.

Èske yon moun ki gen istwa alèji ta dwe pran vaksen COVID-19 la?

Ou pa ta dwe pran vaksen COVID-19 Pfizer oswa Moderna yo si ou gen yon istwa reyaksyon alèjik grav (yo rele sa tou anafilaksi) pou kèlkeswa engredyan ki nan vaksen an. Yo konsidere yon istwa reyaksyon alèjik grav ak yon lòt bagay ki pa nan vaksen an, diskite sa avèk founisè swen sante w lan anvan pou w resevwa vaksen an.

Menmsi gen yon ti chans pou vaksen COVID-19 yo ta ka lakòz yon reyaksyon alèjik grav, sa ta nòmalman rive aprè kèk minit jiska 1èdtan aprè ou resevwa vaksen an. Kèlkeswa si moun fè alèji ou pa, y ap siveye tout moun pandan omwen 15 minit aprè yo resevwa yon vaksen COVID-19.

Ki engredyan ki genyen nan vaksen an?

Ni Pfizer ak ni Moderna gen feyè enfòmasyon pou benefisyè vaksen yo ak moun k ap okipe yo, kote ki make tout engredyan chak vaksen. W ap jwenn feyè enfòmasyon sa yo nan:

- [Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la pou Moun k ap Pran Vaksen an ak Moun k ap Okipe yo \(fda.gov\)](#) (paj 2), epi
- [Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen Moderna COVID-19 la pou Moun k ap Pran Vaksen an ak Moun k ap okipe yo \(fda.gov\)](#) (paj 2)..

Mwen ta renmen fè yon timoun yon jou. Èske pa gen danje pou mwen pran yon vaksen COVID-19?

Wi. Moun ki vle ansent pi devan gendwa resevwa vaksen COVID-19 la. N ap etidye vaksen COVID-19 yo avèk atansyon kounye a epi n ap kontinye etidye yo pandan anpil ane toujou menmjan ak pou lòt vaksen yo. Sou labaz sa nou konnen kounye a, ekspè yo kwè ke vaksen COVID-19 yo san danje pou yon moun ki ap eseye vin ansent akoutèm oswa alontèm.

Men poukisa:

- Vaksen COVID-19 la, tankou lòt vaksen yo, efikas paske li anseye kò nou pou li devlope antikò ki goumen kont viris la ki lakòz COVID-19 la, pou anpeche maladi pi devan.
- Pa gen okenn prèv kounye a ke antikò ki te fòme sou labaz vaksinasyon COVID-19 la pral pwovoke okenn pwoblèm ak gwosès la, sa ki gen ladann devlopeman plasenta a.
- An reyalyte, pa gen prèv ke pwoblèm fètilite se yon efè segondè OKENN vaksen lakòz.

Moun ki ap eseye vin ansent kounye a oswa ki planifye sa pi devan gendwa resevwa vaksen COVID-19 la lè li vin disponib pou yo. (sous: [Enfòmasyon osijè Vaksen COVID-19 yo \(cdc.gov\)](#) apatide 20/01/21)

Èske yon moun ki ansent oswa k ap bay tete kapab pran yon vaksen COVID-19?

Nan moman kounye a, pa gen done konsènan sekirite vaksen COVID-19 yo kay moun ki ansent. Enfeksyon ak COVID-19 pandan gwosès gendwa ogmante risk pou maladi grav epi sa ka antrene yon risk pi elve pwonostik tankou nesans prematire. Se chwa pèsònèl chak moun ki ansent pou yo deside si yo vle pran vaksen an.

Pa gen okenn done konsènan sekirite vaksen COVID-19 yo kay moun k ap bay tete oswa pou tibebe a k ap pran tete. Moun k ap bay tete gendwa chwazi pou yo vaksinen. [Kolèj Obstetrisyen ak Jinekòlòg Ameriken](#) rekòmande pou yo ofri vaksen COVID-19 yo bay moun k ap bay tete lè yo ranpli kritè pou resevwa vaksen an.

Si ou ansent oswa w ap bay tete epi ou gen kesyon osijè vaksinasyon, li ka itil pou diskite ak founisè swen w lan pou ede w pran yon desyon enfòme.

Èske vaksen COVID-19 yo san danje pou timoun?

Nan moman kounye a, vaksen Pfizer la otorize pou moun ki gen 16zan oubyen pi gran, epi vaksen Moderna la otorize pou moun ki gen 18tan oswa pi gran. Timoun ki jenn ak tinedjè yo pa ta dwe resevwa vaksen COVID-19 la pou kounye a.

Sou kimoun yo te teste vaksen an?

Yo te evalye sekirite vaksen Pfizer COVID-19 la kay moun ki gen 16zan oswa pi gran nan 2 etid klinik yo te òganize Ozetazini, ann Ewòp, an Tirk, Afrik di Sid ak Amerik di Sid. Globalman, 50.6% nan patisipan yo se te gason epi 49.4% se te fi, 83.1% te Blan, 9.1% te Nwa oswa Afriken Ameriken, 28.0% te Ispanik oswa Latino, 4.3% te Azyatik epi 0.5% te Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska. ([Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la pou Travayè Lasante \(HCP\) revize 06-01-2021](#))

Sekirite vaksen Moderna COVID-19 la te evalye kay moun ki gen 18tan oswa pi gran Ozetazini. Anjeneral, 52.7% nan patisipan yo se te gason, 47.3% se te fi, 79.2% te Blan, 10.2% te Nwa oswa Afriken Ameriken, 20.5% te Ispanik oswa Latino, 4.6% te Azyatik, 0.8% te Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska, 0.2% te Natifnatal Awayi oswa Abitan Zile Pasifik, 2.1% te Lòt bagay, epi 2.1% te gen Plizyè Ras (Miltirasyal). ([Feyè Enfòmasyon EUA Vaksen Moderna COVID-19 la pou Founisè Swen Sasante](#))

Pa gen okenn etid ki te fèt ak moun ki ansent oswa k ap bay tete.

Èske yon vaksen COVID-19 pral chanje ADN mwen an?

Non. Vaksen COVID-19 mRNA yo pa chanje ni yo pa janm antre an kontak ak ADN ou an.

Vaksen mesajè ARN yo—ke yo konn rele tou vaksen mRNA yo—se premye vaksen COVID-19 yo te janm apwouve Ozetazini. Vaksen mRNA yo anseye sistèm iminitèw lan pou li goumen kont yon viris espesifik. Vaksen COVID-19 mRNA yo travay ak defans natirèl kò a pou devlope iminite san danje kont maladi. Pou kapab travay byen, mRNA ki soti nan yon vaksen COVID-19 pa bezwen antre andedan nikleyis selil la, ki se kote AND ou an estoke. Sa siyifi ke mRNA pa janm antre an kontak ak ADN ou an, epi li pa gen okenn mwayen pou chanje li.

Nan fen pwosesis la, kò nou aprann kijan pou pwoteje kont enfeksyon ki gendwa rive pi devan. Repons iminitè sa a ak devlopman antikò se sa ki pwoteje nou pou nou pa enfekte, si vre viris la ta antre toutbon vre nan kò nou. (sous: [Enfòmasyon osijè Vaksen COVID-19 yo \(cdc.gov\)](#) apatide 20/01/21)

Plis enfòmasyon

Al gade paj Wèb Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi (CDC) yo konsènan vaksinasyon kont COVID-19:

- [Benefis ki Genyen nan Pran yon Vaksen COVID-19](#)
- [Kijan Vaksen COVID-19 yo Mache](#)
- [Lejann ak Move Konsepsyon osijè Vaksen COVID-19 yo](#)
- [Kesyon yo Poze Souvan konsènan Vaksinasyon kont COVID-19](#)